Office of Faith-Based and Community Partnerships

# Ndimbal! Ñaankati Asiil yi ci NYC soxla nañu ay laqukaay yu wóor te mengoo ak ñoom

**Séddaay bi aksi na. Noo ngi leen di ñaan ngen ubbi këru ñaanukaayu Yalla yi wala seen barabu jaamukaay. Lii ab jafe-jafe la wallu dundu!**



## Barabu Dalaqukaayu Buñu Jagleel Ñaankati Asiil yi-15 Lal

**Lu ëpp 130,000 ñaankati asiil ñëw nañu fii ci NYC ngir sàkku ndimbal -** yeneeen téemeer di ñëw bis bu nekk. Lu ëpp 70,000 lañu def ci ay laqukaay ci santaru dalalu NYC. Loolu dafay tax mu jafe ngir jot ci sunuy costéefi réew. Sarwiis biy Toppatoo Musiba yi ci New York (New York Disaster Interfaith Services, NYDIS) dafay ubbi ay làqukaay ci barabu ñaanukaay bawoo Ut ba léegi. Imigéré yi dañoo taamu yile laqukaay yu ndaw ndax mbaax mi ci nekk, kaarànge gi ci am ak yërmande giñ ciy jot - te, sunuy laqukaay ñoo gëna yomb ci ñiy fay juuti kë otel yi ak laqukaayu mbooloo yi. Sunuy gan yuñuy am ci jamono yii li ci ëpp ci Amerik Latin lañuy bayyeeko wala Afrig Soowu Jant.

Jàppale baadolo yi ak ñi ñuy boddi wàréefi diine yépp la. Ngir jot ci sunuy mbebëtu ubbi lu toll ci 50 laqukaay. Dañoo nekk di wut gën gaa neew yeneen 20 këri jaamukaayu Yalla wala ay mbootaay yuy yëngu ci wàllu ngëm ngir dalal **15 salibateer yu góor yu digante 7 waxtu ci ngoon ak 7 waxtu ci suba ci 12 ba 24 weer yuy ñëw - te, dañuy joxe awansu $47,500 weer wu nekk ngir fay njëg yu joñjoo yépp ak jëfandikoo bayaal**. NYDIS dafay joxe ay tàggat itam, laqukaay ak yeneen ndimbal ci wàllu toppatoo ci barab bi.

**Jàppale leen ñu ngir ñu sowe ay dundu te joxe Teranga!**

NYC Office of Faith-Based and Community Partnerships

EMERGENCY SHELTER NETWORK

NYDIS NEW YORK DISASTER INTERFAITH SERVICES

# Këyitu jëf: Laqukaayu Buñu Jagleel Ñaankati Asiil yi-19 Lal

**CAKKUTEEFI BARABU LAQUKAAY:**

- Man-manu dox lu toll ci 365 fan/at digante 7 waxtu ci ngoon ak 7 waxtu ci suba.
- Ab sistemu alarme buy saytu te am luy raññee saxaar ak dioxyde de carbon buñu def ay fiil.
- 2+ duus yu am benn cabine (wala bayaal ak bëgg-bëggu sam ak ndimbalu neexal.) *
- Bayaal bu baax ngir 19 lala ak yeneeni barabi lekkukaay ak feexlukaay.
- Man-manu joxe ay lekk yu baax (ñam fournisseur/ serveur yu jàppandi.)
- Barabu deñcukaayu lal (yuñu lem), darap, ak ay waxandé deñcukaay yuñu jagleel gan yi suddee dañuy démondé de monté waat laqukaay bi bis bu nekk.

**NYDIS DINA JOXE:**

- Tàggat buñu jagleel liggéeykat yi
- Awansu weer wu nekk ci njëgu toppatoo bi.
- Ndimbalu toppatoo ak xaral buy am bis bu nekk.
- Mbooleem fourniture ak jumtukaayu laqukaay.
  - Ay lali liir, ay darap, ay njegenaay, ay sàrbet/yere sangukaay, ak saaku yere yu tilim, ab barabu deñcukaay ak ay kitu cet.
  - Kitu Premier Secours, Signalisation, Etiketu Machine, barabu sarsekaay.
- Ab ordinatëër portaabal ngir bind ci palaas yuñuy joxe ak barab yu gan yi di nekk.
- Molukaayu ID ngir gan yi.
- Dugal ay gan ngirñaankati asil yépp yu nekk ci seen laqukaay.
- MetroCard dem ak dikk ngir gan yépp.

| Kategori delloo xaalis ak allocation budgétaire weer wu nekk (Budget)<br>19 Lali ci Barabi Laqukaay bi | |
|---|---|
| **Alokasioŋ ngir dépenses yu fixe** | **Njëgu weer wu nekk** |
| Ay saytukati Laqukaay (Gën ga neew 2 kaaru liggéey yu mattul 8 waxtu) ci $30/waxtu*14 Waxtu | $13,020 |
| Gardien yu yore kaarànge gi (Gën gaa neew 2 Kaari liggéey yu mattul 8 waxtu) ci $30/Waxtur*14 Waxtu | $13,020 |
| Concierge $100 bis bu nekk | $3,100 |
| Lekk (266 Repas ayu-bis bu nekk = $3.50 Ndekki & $6.50 Reer/ci Repas bu nekk) | $4,650 |
| Fourniture u Laqukaay bi ci Weer wi | $1,000 |
| Alokasioŋu póot ngir fóot ayu-bis bu nekk buñuy sakku ci defar lal bi ak ay sàrbet | $612 |
| Alokasioŋu Asirans – Ba ci $1000 Weer wu nekk | $1,000 |
| Alokasioŋ Wifi ak Cable TV $150 Alokasioŋu Weer wu Nekk | $150 |
| $Weer wu nekk $10 Bon wu fóot ci saasi ngir gan gu nekk | $600 |
| Xool jaar-jaaru liggéeykat yi/Wolonteer yi (Ki ko jiite di NYDIS) | $600 |
| Mbir yuñuy soxla ci wanak ak yeneen. Yëf yuñuy soxla ci wàllu cet | $248 |
| **Xaaju Lépp** | **$38,000** |
| Jëfandikoo barab/Soxla yi (Kuraŋ/Tangalukaay/Ndox) Alokasioŋ (25% ci lépp) | $9,500 |
| **Lépp** | **$47,500.00** |

Ngir jot ci yeneeni xibaar ci nan lañuy dimbalee sunuy dëkkandoo yu nekk ci jafe-jafe:

## DEFAL GËSTU BUÑUY AMAL CI NET BI:

**https://howalert.org/AsylumSeekerShelterSurvey**

Gëstu buñuy amal ci net bi